



Pou Piblikasyon Imedya: 12/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN POU ONORE JIJ RUTH BADER GINSBURG AK YON PÒTRÈ PÈMANAN KE Y AP ESKILTE NAN KAPITÒL ETA NEW YORK LA

Nouvo eskilti a pral premye eskilti ke y ap ajoute nan Esklaye Gran Selèb Rejyon Lwès Kapitòl la depi li te fini an 1898

Devwalman ofisyèl nan prentan 2023

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plan pou onore Jij Ruth Bader Ginsburg, ki se Asosye nan Tribinal Siprèm Ameriken an ak yon natif Brooklyn prentan sa a ak devwalman yon pòtrè pèmanan k ap eskilte jij la nan Kapitòl Eta New York la.

"Lè yo te mande Ruth Bader Ginsburg kilè ta gen ase fanm nan Tribinal Siprèm Ameriken an, li te reponn yon fason selèb 'Lè genyen nèf'," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou fè eskilti li nan Kapitòl la, nou alafwa ap onore eritaj Jij Ginsburg kòm yon pyonè pou jistis ak egalite sèks, epi tou selebre istwa New York kòm bèso mouvman dwa fanm lan."

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare, "Jij Ginsburg se te yon jiris enspirasyon, remakab, li te batay san pran souf pou ekite sesyèl te pwouve ke 'fanm yo fè pati tout kote yo ap pran desizyon' epi ki te swiv pwòp filozofi li pou 'kite tras' epi fè mond lan yon pi bon kote pou lòt moun. Se yon onè pou nou tout nan OGS pou nou gen yon wòl nan ajoute resanblans Jij Ginsburg nan Esklaye Gran Selèb Rejyon Lwès (Great Western Staircase) la epi vin yon pati nan istwa rich Kapitòl Eta New York la."

Jane Ginsburg ak Jim Ginsburg te deklare, "Mwen menm ak frè m nan, ansanm ak tout fanmi Ginsburg la, nou santi anpil kè kontan dèske eta manman nou an, New York, te onore li lè yo mete imaj li nan bèl Eskalye Rejyon Lwès la. Li patikilyèman apwopriye pou l parèt pre John Jay, gwo predesesè li nan Tribinal Siprèm Etazini an, ke li te admire."

Pòtrè Jij Ginsburg la pral premye nouvo eskilti ki te ajoute nan Esklaye Gran Selèb Rejyon Lwès la depi fini eskalye a an 1898 epi se sèlman setyèm fanm ki reprezante nan galri eskalye a. Lokal dezyèm etaj yo chwazi pou fè eskilti a pral plase Jij Ginsburg nan yon nivo nan bilding nan kote sèlman te reprezante gason jiska dat. Lokal yo

chwazi pou pòtrè Jij Ginsburg a se yon espas vid ki dirèkteman anlè John Jay, premye jij nan tribinal siprèm Ameriken an ak sèl jij nan tribinal siprèm ki gen pòtrè ke yo eskilte sou Esklaye Gran Selèb Rejyon Lwès la. Yo pral eskilte resanblans Jij Ginsburg nan menm estil ak pòtrè 19yèm syèk ki egziste deja yo ke yo eskilte nan grè Corsehill eskalye a.

An novanm 2022, fanmi Ginsburg te apwouve modèl eskiltè figire Meredith Bergmann pou eskilti pòtrè yo te pwopoze a. Bergmann se yon atis figire feminen ki te eskilte Moniman Pyonye Dwa Fanm yo nan Central Park nan Vil New York la, ki gen ladan sifrajis Sojourner Truth, Susan B. Anthony, ak Elizabeth Cady Stanton.

Esklaye Gran Selèb Rejyon Lwès la

Esklaye Gran Selèb Rejyon Lwès la nan Kapitòl Eta New York la se yon eskalye enteryè monimantal ki fèt ak grè Corsehill ke yo te trava anpil. Yo te eskilte eskalye ant 1884 ak 1898. Sèl eskilti modèn ki te fèt nan eskalye a se te korije fot òtograf nan non Frederick Douglass an 2019. Eskalye a gen ladann eskilti konplèks flò, fón, senbòl, ak vizaj Ameriken selèb yo nonmen, ki gen ladan 30 premye gouvènè Eta New York yo, prezidan Etazini yo, eksploratè yo, politisyen yo, envantè yo, syantis yo, otè yo, sòlda yo, powèt yo, aktivis yo, ak abolisyonis yo.

Genyen kounye a sis pòtrè fanm ke yo eskilte nan Esklaye Gran Selèb Rejyon Lwès la, anba dezyèm etaj la:

- Molly Pitcher, sòlda Lagè Revolisyonè a
- Harriet Beecher Stowe, otè Kabin Tonton Tom (Uncle Tom's Cabin) lan
- Susan B. Anthony, lidè sifrajis
- Clara Barton, enfimyè Lagè Sivil
- Elmina P. Spencer, enfimyè nan Lagè Sivil
- Frances E. Willard, militan tanperans

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418